



♥ Poukisa Ou Dwe Aprann CPR?

Arè kadyak se youn nan premye kòz lanmò. Sa rive lè youn pwoblèm elektrik nan kè a lakoz youn batman kè ki iregilye. Sa deranje sikilasyon san nan sèvo a, nan poumon ak nan lòt ògàn yo. Chak ane, plis pase 350,000 moun Ozetazi te fè youn arè kadyak deyò lopital ke sèvis Ijans yo te evalye.

Plis pase 23,000 nan yo se timoun, epi prèske 20% nan yo se tibebe.

Lè youn moun fè youn arè kadyak, sivi li depann de CPR li resevwa nan men youn moun ki toupre a touswit.

Selon Asosiyasyon Ameriken pou Kè a (American Heart Association), apeprè 90% moun ki fè arè kadyak andeyò lopital yo pa siviv. CPR, sitou si li fèt touswit, ka double oswa triple chans sivi a. Aprann fè CPR jodi a. Prepare w. Vin fè pati Nasyon Sovtè a.

Pèsòn pa ta dwe fè fas ak youn moman ki chanje lavi l poukont li.

♥ Vin yon Diferans pou Yon Moun Ou Renmen

Si ou fè CPR, w ap gen plis chans pou sove lavi youn moun ou renmen: youn timoun, youn konjwen, youn paran oswa youn zanmi.



Apeprè 70 pousan nan arè kadyak ki rive andeyò lopital yo rive lakay yo.



Mwens pase 40% moun ki fè youn arè kadyak andeyò lopital la resevwa asistans ijan ke yo bezwen anvan asistans pwofesyonèl la rive

Pou adilt yo, yo te montre ke CPR ki fèt Sèlman ak Men yo osi efikas nan menm fason an nan premye minit yo ak CPR ki fèt ak souf pou arè kadyak lakay yo, nan travay oswa an piblik.

CPR ki fèt Sèlman ak Men yo genyen de etap fasil, ke ou dwe fè nan lòd sa a:



Rele 911 si ou remake youn adolesan oswa youn adilt tonbe toudenkou.



Pouse byen fò epi rapid nan sant pwatrin lan nan rit youn chan ki genyen 100 jiska 120 batman pa minit.

Pwoblèm respirasyon yo souvan lakòz arè kadyak lakay timoun yo. Se pou rezon sa a li enpòtan pou bay ensiflasyon sekou avèk chak seri 30 konpresyon pou tibebe ak timoun yo.

♥ Rele 911

Pa pè rele 911.

Yon arè kadyak se youn ijans.

Operatè a pral mande w:

- Ki ijans ou genyen?
 - Kote w ye (adrès, kafou oswa pwen repè repè prensipal yo oswa biznis)
 - Sa k ap pase (di ke youn moun bezwen youn CPR, li pwononse "see-pee aar")
- Si w pa pale anglè pa bay tèt ou pwoblèm, pifò sant 911 yo itilize youn liy lang ki pèmèt yo reponn apèl nan lòt lang

♥ Mizik Ka Sove Lavi

Pandan w ap fè CPR a, ou ta dwe fè presyon sou pwatrin lan nan youn rit 100 a 120 konpresyon pa minit. Chan ki kapab ede w rete sou bit sa a gen ladan, "Energy" by Beyoncé "Uptown Funk" by Mark Ronson featuring Bruno Mars "I Wanna Dance With Somebody" by Whitney Houston

Aprann fè CPR jodi a. Prepare w. Vin fè pati Nasyon Sovtè a.
Pèsòn pa ta dwe fè fas ak youn moman ki chanje lavi l poukont li.

REMAKE: AHA toujou rekòmande CPR avèk konpresyon ak souf pou tibebe ak timoun ak moun nwaye yo, moun ki fè òvèdòz ak medikaman, oswa moun ki efondre pandan pwoblèm respirasyon yo.

Nasyon Sovtè yo patwone onivo nasyonal pa

Walgreens



Prepare w. Jwenn youn kou CPR nan heart.org/nation (sitwèb la an Anglè).